INTERNATIONAL JOURNAL OF RECENTLY SCIENTIFIC RESEARCHER'S THEORY
International scientific journal
ISSN: 2992-8885
VOLUME: 2 ISSUE: 11

# BASLAWÍSH KLASLARDA TÁBIYIY PÁNLERDI ÓTIWDE ÁMELIY ISLERDI SHÓLKEMLESTIRIW

**Amanklichev Ismayil Bazarbayevich**
*Ajiniyaz atındaǵı NMPI*
*Baslawısh tálim kafedrası assistenti*

***Annotaciya***: *Maqalada baslawısh tálim tábiyattanıw sabaqlarında klasstan tıs jumıslar processinde balalardı tábiyat penen tanıstırıwda ámeliy islerdi shólkemlestiriwdiń nátiyjeli metodları boyınsha pikir júrgizilgen.*

***Tayanısh túsinikler:*** *ámeliy usıllar, receptor, tájiriybe, ekskursiya, gerbariy.*

Oqıwshılardıń bolajaq kásiplik sapaların qáliplestiriwde teoriyalıq bilimler menen bir qatarda ámeliyat ta zárúrli orın iyeleydi. Tábiyiy ilimiy bilimler uzaq jıllar dawamında ámeliy iskerlik sebepli qolǵa kiritilgen. Átirap ortalıqtı biliwde, ańlawda ilimiy tájiriybe, ámeliy bilimler zárúrli rol atqarǵan hám atqarmaqta. Tábiyattanıw keń qamtılǵan materiallıq dúnyanı reńli qásiyetleri, tábiyattıń hár túrli waqıya hádiyselerin úyreniwshi pán bolıp, ilimiy tájiriybe tiykarında qáliplesedi, ámeliyat bolsa usı pánniń tiykarı esaplanadı. Insaniyattı tábiyat nızamları haqqındaǵı bilimge tiykarlanǵan ámeliy iskerligi biliw procesin, ilim rawajlanıwın belgileydi. Ámeliyat - haqıyqat kriteryası bolıp tabıladı. Bilimlerge mútajlik ámeliyatta tuwıladı hám olardıń durıslıǵı ámeliyat arqalı tekseriledi hám de tastıyıqlanadı. Bilim adamlar miyinde óz-ózinen payda bolmastan, bálki arnawlı bir jumıs iskerliginde qáliplesedi. Ámeliyat insandı tábiyat penen múnásibetinde tiykarǵı faktor bolıp, bul óz gezeginde, adamlardıń óz-ara múnásibetleri sistemasında, social óndiriste zárúrli orın iyeleydi. Ámeliyattıń tiykarǵı túrleri materiallıq islep shıǵarıw hám ilimiy tájiriybe esaplanadı.

Ilimiy - tábiyiy ámeliyat tómendegi wazıypalardı ámelge asıradı.

1. Ámeliyat biliw procesin rawajlandıratuǵın faktor. Ol teoriyalıq bilimlerdi ulıwmalastırıp, olardı turmıslıq processlerden ajıratıwǵa jol qoymaydı.
2. Ámeliyat biliwdiń buyırtpası, qosımshası hám maqseti de bolıp tabıladı.
3. Ámeliyat biliw procesiniń haqıyqıy ekenligin kórsetiwshi kriterya bolıp tabıladı [3].

Tábiyattanıwdaǵı ámeliyat ilimiy óndiristiń tiykarǵı faktorı bolıp kelmekte. Ámeliyat teoriyanıń payda bolıwına, ilimiy qáliplesiwine hám rawajlanıwına alıp keledi. Biliwdiń anıqlıǵı arnawlı bir obiekt haqqındaǵı maǵlıwmattıń haqıyqat ekenligi menen tastıyıqlanadı. Usı waqıtta, jaǵday basqasha bolsa, haqıyqat ta jáne basqasha bolıwı múmkin. Mısalı, ápiwayı sharayat hám basımda suw 100$^o$ de qaynaydı. Biraq basım ózgerse yamasa salmaqlı suw bolsa, ol anıq-konkret esaplanadı. Belgili bir sistemadaǵı haqıyqat basqa sharayatta pútkilley ózgeriwi

múmkin. Ideyanıń ámeliyatta tastıyıqlanıwı haqıyqattıń tiykarǵı faktorı esaplanadı. Ámeliy jumıslarǵa úyretiw baslawısh klaslardan baslanıwı maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Ámeliy usıllar oqıtıwshı tárepinen shólkemlestiriletuǵın hám baǵdarlanatuǵın, oqıwshılar pikirin rawajlandırıwǵa qaratqan sóz, kórgezbelilik hám ámeliy jumıstıń óz-ara quramalı baylanısıwında bolıwın kórsetedi. Ámeliy usıllar qollanılıwı oqıwshılar receptorları hám effektorlarining jedel iskerligi menen baylanıslı. Ámeliy usıllar úyrenilgen materialdı tereń tusinip jetiwge, kónlikpe hám tájiriybeler payda etiwge múmkinshilik jaratadı. Ámeliy usıllardı qollawǵa oqıwshılar iskerliginiń ózi, bilim deregi esaplanadı. Bunday usıllar taypasına awızsha, jazba shınıǵıwlar, laboratoriya jumısları, mektep jer maydanı, tiri tábiyat múyeshinde, klastan tısqarı atqarılatuǵın shınıǵıwlar kiredi. Ámeliy usıllardıń túrlerine tómendegiler kiredi:

1. Oqıwshılardıń tarqatpa didaktik material menen túrli zatlar jasawı.
2. Súwret sızıwı.
3. Tábiyat obiektlerin tabıw hám anıqlaw boyınsha jumısları.
4. Hádiyselerdi baqlaw hám dizimnen ótkeriwleri.
5. Tájiriybe ótkeriwleri (tájiriybe jardeminde máselelerdi sheshiw) kiredi [2].

Ámeliy jumıs baslanıwı aldınan qoyılǵan soraw, mashqala, máselege oqıwshılar onıń nátiyjeleri menen juwap beriwi kerek. Tábiyattanıw sabaqları tanıw hám anıqlaw ámeliy metodlarınıń bir túri bolıp, tarqalǵan ósimliklerdi yamasa olardıń bólimleriniń parqına barıp, tanıw qásiyetlerin úyretedi. Salıstırıwda parıqlay alıw oqıwshınıń anıqlaw qábiletin rawajlantıradı. Parıqlay alıw hám anıqlaw boyınsha jumıslar tek sabaqlarda alıp barılmaydı, oqıtıwshı tábiyatqa shólkemlestirgen ekskursiyalarda da ósimliklerdi tabıw hám toplawdı, úlgiler jıynawdı, olardıń jası, vegetativ usılları, topıraq kesindileri, maslasıwların, ózgeriwsheńlikti oqıwshılardıń ózlestira alıw qábiletlerine qaray tańlap beriwi kerek. Ósimlikler, olar bólimleriniń formasın bilip alıw boyınsha islerdi oqıwshılar úy wazıypası sıpatında ámelge asıradı. Ósimlikler jasın tábiyatta tek ǵana jıllıq sheńberlerden emes, ósimliklerdıń jıllıq shaqalanıwına qarap ta anıqlaw múmkin. Ósimlik báhárden gúzge shekem ósiw dáwirine iye, gúzden báhárge shekem tınım dáwiri baladı. Bul ósimliktiń bir jası bolıp esaplanadı, ekinshi jılda jáne ósiw, shaqalanıw júz beredi. Shaqalanıw arasındaǵı aralıq ósimliktiń bir jası esaplanadı, bunı oqıwshılarǵa tábiyatta túsindiriw talap etiledi. Oqıwshılar ámeliy bilimge iye boladı, terekler jasın kespey turıp ta anıqlaw múmkinligin bilip aladı. Bul ekologiyalıq, hám de ilimiy túsiniklerdi qáliplestiredi.

Tábiyattanıw boyınsha diywaliy úlketanıw súwretlerinen paydalanıw múmkin. Olar tábiyattıń úlketanıw obiektleri haqqında piker hám túsinikler qáliplestiriwge járdem beredi. Klaslarda baspa súwretler, olardı ańlatıwshı tekstleri, oqıwshılar ushın soraw hám tapsırmaları bolǵan “Baqlaw kúndelikleri”nen paydalanıw zárúr. Tábiyattanıw materialların ámeliy ózlestiriwde karta-sxemalardı sızıw úlken orın tutadı. Olardı qollanıw jolında (kún batıw táreplerin anıqlawda) mektep háwlisidagi zatlardıń jaylasıwınıń ápiwayı súwretin sızıw birinshi qádem boladı. Kartografiyalıq súwretlerdi oqıwshılar tárepinen ózlestiriwdi tekseriw ushın karta-sxemalardan paydalanıw qolaylı boladı. Oqıwshılardıń ámeliy bilimlerin sınap kóriw maqsetinde 4-klaslarda tómendegi mashqalalı sorawlardı ortaǵa taslaw múmkin. Jazdıń ıssı waqtında shólda turıpsız. Ámeliy baqlaw bilimleríńizge súyene otırıp, turǵan ornıńızdan orientir alıp, qubla tárepti belgileń. Ámeliy tábiyattı baqlaw nátiyjesinde tómendegi faktorlar tiykarında qublanı anıqlaw múmkin: a) jer bawırlap juretuǵın haywanlar óz uyasına kiriw jolın barlıq waqıtta-qublaǵa qaratadı; b) qus óz uyasın qubla tárepke qoyadı; s) ósimliklar shaqaları qubla tárepke iyiledi; d) ósimlik paqalınıń qubla tárepi juwanlasqan baladı; e) barxan qumınıń bir ushı arqada ekinshi ushı bolsa qublaǵa jatqan baladı. Oqıwshılarǵa hár túrli nárselerdi berip súwret, fotosúwrat hám shırpı qutısı, kubik, stakan basqa zatlardı alıp shıǵıp, uqsaslıq hám ózgesheliklerin tabıwdı tapsıradı, keyin geometriyalıq figuralarnı tarqatadı, onı oqıwshılar dápter betine ústine qoyıp átirapın qálem menen qaǵazǵa sızadı. Tapsırma orınlanǵannan keyin zattıń joqarıdan kórinisi plan dep ataladı degen juwmaqqa alıp keledi. Bunnan keyin stoldıń planı sızdırıladı. Eger oqıwshılar zatlardıń úlkenligine qıynalsa súwretlenetuǵın zattı shártli túrde kishireytiw múmkinligin túsindiredi, (mısalı 10, 20 ese) [1].

Dástúrlestirilgen oqıtıw ushın tómendegiler kerek:

-oqıw materialınıń puqta analizi, onıń qatań tańlanıw hám logikalıq izbe-izlik boyınsha bóliniwi;

-oqıwshılardıń bilim alıw iskerligin tekseriwdegi basshılıq.

Dástúrlestirilgen oqıtıwda oqıwshılardıń oqıw materialın qollawda aktivligi hám ǵárezsizligi artadı, oqıtıw procesin individuallastırıw múmkinshiligi payda boladı, texnikalıq quralllı oqıtıw keń qollanıladı, oqıtıw hám oqıwshı miynetin aqılǵa say shólkemlestiriwge erisiledi. Qadaǵalaw jumısların dástúrlestiriwdiń principi oqıwshılardıń awızsha juwapların shártli belgiler hám sızıqlar menen jazba túrde belgilewden ibarat. Olardıń abzal tárepi sonda, olar qısqa waqıt ishinde hárbir oqıwshınıń ótilgen temanı ózlestiriw dárejesin anıqlay aladı. Tájiriybe átirap-ortalıq penen tanısıw sabaqlarında bilim alıw iskerligin aktivlestiriw maqsetinde

ISSN: 2992-8885
VOLUME: 2 ISSUE:11

dástúrlestirilgen oqıtıw usıllarınan paydalanıwdıń abzallıqların kórsetedi. Bul usıllardıń abzallıǵı sonda, oqıw materialın ózlestiriw dárejesin oqıwshılardıń ózleri sol sabaq dawamında tekseriwi múmkin.

**Ádebiyatlar:**

1. Baxronov A. "Tabiatshunoslik" 4-sinf umumiy o'rta ta'lim maktablari uchun darslik. T.: Sharq NMIU 2011.
2. Nuriddinova M.I. "Tabiatshunoslik o'qitish metodikasi" (o'quv qo'llanma) T.: Cho'lpon nomidagi nashriyot matbaa ijodiy uyi, 2005.
3. Sharipova D., Xodiyeva D.P., Shirinov M.K. "Tabiatshunoslik va uni o'qitish metodikasi" Darslik// T.: Barkamol fayz media nashriyoti, 2018

CENTER FOR ADVANCED STUDIES